

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Panalungtikan nu judulna “Ulikan Struktural jeung Semiotik dina Kumpulan Sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar”, eusina ngaguar: 1) struktur lahir sajak, 2) struktur batin sajak, jeung 3) unsur semiotik tina 20 sajak nu aya dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar. Ieu panalungtikan téh ngagunakeun péso analisis struktur lahir puisi tiori Alton C. Morris nu ngawengku diksi, imaji, gayabasa, kecap kongkrit, jeung purwakanti. Pikeun ngaguar struktur batin puisi ngagunakeun konsép struktur I.A. Richard nu ngawengku téma, nada, rasa, jeung amanat. Anapon pikeun ngaguar unsur-unsur semiotik dina sajak, tiori nu digunakeun nyaéta semiotika modél Michael Riffaterre nu ngawengku éksprési nu teu langsung, hipogram/intertékstualitas, jeung pembacaan semiotik. Anapon pamarekan nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif, kalawan ngagunakeun métode déskriptif analitik nu gunana pikeun ngadéskripsikeun sajak-sajak dina kumpulan sajak *Ngabungbang*.

Analisis struktur lahir sajak ngawengku diksi, imaji, gayabasa, kecap kongkrit, jeung purwakanti. Diksi nu kapaluruh tina 20 sajak nu dianalisis téh perséntasena nyaéta 66,7% (dumasar kana poténsi unggal sajak ngandung dua diksi), réréana leuwih nyoko kana alam jeung lingkungan sabudeureun. Imaji nu kapaluruh tina 20 sajak nu dianalisis téh nyaéta imaji panénjo/visual, imaji pangrungu/auditif, imaji pangrasa/taktil, jeung imaji gerak. Imaji nu nyampak dina sajak-sajak nu dianalisis téh réréana ngagunakeun imaji gerak nu jumlah perséntasena nyaéta 82,5% (dumasar kana poténsi unggal sajak ngandung dua imaji gerak), digambarkeun ku sawatara kecap pagawéan nu sipatna aktif. Gayabasa nu kapaluruh dina sawatara sajak nu dianalisis jumlahna aya genep gayabasa, nyaéta gayabasa mijalma, gayabasa lalandian, gayabasa arahulan, gayabasa lalawanan, gayabasa silib, jeung gayabasa ngasor. Nazarudin Azhar réréana ngagunakeun gayabasa mijalma jeung gayabasa arahulan. Kecap kongkrit nu kapaluruh jumlah perséntasena nyaéta 40%

(dumasar kana poténsi unggal sajak ngandung dua kecap kongkrit), réréana mangrupa kecap barang nu harti léksikalna bisa dipaluruh dina kamus. Anapon purwakanti nu kapaluruh dina sajak-sajak nu dianalisis jumlahna aya genep purwakanti, nyaéta purwakanti pangluyu, purwakanti maduswara, purwakanti larasmadya, purwakanti laraswekas, purwakanti mindoan kawit, jeung purwakanti mindoan kecap. Tina sajak-sajak nu dianalisis, Nazarudin Azhar réréana ngagunakeun purwakanti laraswekas. Dumasar kana hasil analisis bisa katitén yén struktur lahir dina 20 sajak nu dianalisis téh mibanda struktur lahir nu euyeub. Ieu hal nuduhkeun yén sajak-sajak Nazarudin Azhar dina *Ngabungbang*, bisa dianalisis jeung dipaluruh tina jihad kasusastraan.

Analisis struktur batin sajak ngawengku téma, nada, rasa, jeung amanat. Téma nu kapaluruh tina 20 sajak nu dianalisis téh aya lima rupa, nyaéta téma asmara/cinta, téma pati, téma sosial kamanusaan, téma alam, jeung téma réligi/kaagamaan. Nada nu kapaluruh dumasar kana hasil analisis nyaéta nada hidmat, nada sadrah, nada ironi, nada ngélingan, nada nyaritakeun/lugas, jeung nada puitis. Rasa nu aya dina sajak-sajak nu dianalisis nyaéta rasa tingtrim, rasa keueung, rasa tegang, rasa tumarima, rasa sedih, rasa bingung, jeung rasa waas. Anapon amanat nu kacangking tina sajak-sajak nu dianalisis téh ngeunaan palsapah kahirupan, umajak sangkan introspeksi diri ngaragap haté sorangan. Dumasar kana hasil analisis bisa katitén yén struktur batin dina kumpulan sajak *Ngabungbang* nimbulkeun komunikasi émosional antara panyajak jeung nu maca, sarta ngandung pangajaran nu bisa dicangking.

Hasil analisis jeung pedaran tina sajak-sajak Nazarudin Azhar dina kumpulan sajak *Ngabungbang*, tilu unsur semiotik nu ngawengku éksprési nu teu langsung, hipogram/intertékstualitas, jeung pembacaan semiotik téh kapaluruh. Sok sanajan teu sakabéh sajak-sajakna mibanda unsur semiotik nu lengkep, tapi ku ayana prosés éksprési nu teu langsung, ngarobah harti, jeung nyipta harti dina sajak-sajak nu dianalisis, nuduhkeun yén ieu kumpulan sajak téh mibanda tanda-tanda nu kudu disurahan kalawan gembleng.

Dumasar kana sawatara pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yen sajak-sajak nu aya dina kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar téh mibanda struktur lahir jeung struktur batin nu kawilang lengkep, matak ngirut pikeun dianalisis, sarta bisa diguar unsur-unsur semiotikna. Gaya nulis Nazarudin Azhar nu has, nyiptakeun homolog jeung tipografi sajak nu mandiri luyu jeung konsép semiotik puisi Riffaterre. Ku kituna, antara struktur jeung unsur semiotik sajakna mibanda tatalian nu raket, sarta teu bisa dipukahkeun.

5.2 Rékoméndasi

Rékoméndasi nu ditepikeun dumasar hasil panalungtikan nu geus dilaksanakeun, ditétélakeun saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun panalungtik, gedé harepan dina panalungtikan satuluyna perkara ngaguar struktur jeung semiotik dina sajak bisa leuwih nyosok jero deui, leuwih taliti, sangkan naon-naon nu jadi kahéngkéran dina ieu panalungtikan bisa disingkahan. Iwal ti éta, gedé harepan bisa ngeuyeuban analisis sajak ngagunakeun tiori jeung métodologi nu séjén, lain ngagunakeun pamarekan nu geus kungsi digunakeun.
- 2) Pikeun masarakat akademik, dipiharep aya nu nalungtik tina jihad paélmuan nu séjén ngeunaan éstétika dina sajak, kabasaanana, atawa prosés kréatif panyajak, sangkan maksud jeung amanat nu nyangkaruk dina sajak-sajak nu dianalisis bisa leuwih pertéla, gampang dipikaharti, tur nyugemakeun pamaca.
- 3) Pikeun masarakat, gedé harepan hasil tina ieu panalungtikan buku kumpulan sajak *Ngabungbang* karya Nazarudin Azhar téh bisa dibaca, méré mangpaat, sarta jadi bahan bacaan ilmiah nu bisa ngajembaran pangaweruh tur minangka tarékah aprésiasi jeung literasi kana kasusastraan Sunda hususna wangun puisi modéren wanda sajak.